JOHANI 9-15 SHONA

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

30Zvino Jesu akaita zvimwe zviratidzo zvizhinji pamberi pavadzidzi vake,
zvisina kunyorwa mubhuku iyi;
31asi izvi zvakanyorwa,
kuti mutende
kuti
Jesu ndiye Kristu
Mwanakomana waMwari;
uye kuti, muchitenda,
muve noupenyu ***muzita rake.*** *(Johani 20:30-31)*

11"Zvinhu izvozvi ndakazvitaura kwamuri,
kuti mufaro wangu ugare mamuri,
nomufaro wenyu uzadzike. (John 15:11)

14Izwi
rakazova munhu,
rikagara pakati pedu,
tikaona ***kubwinya kwake,***
kubwinya sokwowakaberekwa mumwechete wababa,
azere nenyasha nechokwadi. (John 1:14)

9"Ndini musuo kana munhu apinda neni, achaponeswa, achapinda, achabuda, achawana mafuro. 10Mbavha inongouya, kuti ibe nokuuraya nokuparadza. Ini ndakauya, kuti ave noupenyu, uye ave nohwakawanda.
11"Ndini mufudzi akanaka; mufudzi akanaka anorasira makwai ake upenyu hwake.

Pfupiso yendima 1na2

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Shoko rakava nyama tikaona kubwinya kwake

Izwi = jeso muvambi nomukwanisi waMwari *Ndini nechokwadi* (John 14:6)

Mienzaniso yekuchigiriki Mwari zvichireva Jeso (Johani 1:1, 1:18, 20:28, VaRom. 9:5, Tito 2:13, VaHeb. 1:8, 2 Pet. 1:1)

Jeso ndiMwari Mwari vatatu mumwe

1Pakutanga Izwi rakanga riripo,
Izwi rakanga riri kuna Mwari,
Izwi rakanga riri Mwari.
2Irori pakutanga
rakanga riri kuna Mwari.
3Zvinhu zvose zvakaitwa naye;
kunze kwake hakuna kuitwa kunyange chinhu chimwe chakaitwa

Jesu akasika zvinhu zvese

10Akanga ari panyika,
asi nyika haina kumuziva.
11Akauya kunezvake,
asi vanhu vake havana kumugamuchira.
12Asi **vose** vakamugamuchira,
akavapa simba kuti vave vana vaMwari,
ivavo vanotenda kuzita rake;
13avo vasina kuberekwa
neropa,
kana nokuda kwenyama,
kana nokuda kwomurume,
asi naMwari.

Asi nyika haina kumugamuchira

Zvinoda kuzvarwa kutsva kuti mugovona

14Izwi rakazova munhu, rikagara pakati pedu,
tikaona **kubwinya kwake,**
kubwinya sokwowakaberekwa mumwechete wababa,
azere nenyasha nechokwadi.
…
16Nokuti pakuzara kwake isu tose takapiwa nyasha pamusoropenyasha.

Ongororo

29Ava mangwana akaona Jesu achiuya kwaari,
akati,
"Tarirai, Hwayana yaMwari, inobvisa zvivi zvenyika.

Nemhaka yei shoko rakazova nyama

Ndima 2:akataridza kubwinya kwake vakamutenda

Zvishamiso zvinomwe

11Ichi chiratidzo chake chokutanga
Jesu akaita paKana yeGariria,
akaratidza kubwinya kwake;
vadzidzi vake vakatenda kwaari.

Kutenda

21Asi iye akanga achireva temberi yomuviri wake
22Zvino akati amutswa kuvakafa,
vadzidzi vake vakayeuka, kuti akanga areva izvozvo;
vakatenda Rugwaro neshoko rakanga rarehwa naJesu.

Pfupiso yebhuku 3-4

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Bhuku 3:Mwari akada nyika...

5Jesu akapindura, akati, "Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri,
kana munhu asingaberekwi nemvura noMweya,
haangagoni kupinda muushe hwaMwari.
6Chakaberekwa nenyama inyama,
chakaberekwa noMweya, mweya.
7Usashamiswa, nokuti ndakati kwauri, munofanira kuberekwa kutsva.
8Mhepo inovhuvhuta painoda napo, unonzwa izwi rayo,
asi hauzivi painobva napainoenda;
mumwe nomumwe akaberekwa naMweya akadaro."

Kuzvarwa kutsva ndiko kubata kukuru kwemweya mutsvene

13"Hakuna munhu akakwira kudenga,
asi iye akaburuka kudenga, iye Mwanakomana womunhu."
14Mosesi sezvaakasimudza nyoka murenje,
saizvozvo Mwanakomana womunhu anofanira kusimudzwawo,
15kuti ani naani anotenda kwaari,
ave noupenyu husingaperi. *(Johani 3:13-15)*

Tarirai muone mugotenda

16Nokuti Mwari akada nyika nokudaro,
kuti akapa Mwanakomana wake akaberekwa mumwe woga,
kuti ani naani anotenda kwaari,
arege kufa,
asi ave noupenyu husingaperi.

Mwari akada

17Nokuti Mwari haana kutumira Mwanakomana wake panyika,
Kuti atonge nyika, asi kuti nyika iponeswe naye.
18Anotenda kwaari, haatongwi;
asi asingatendi kwaari, atotongwa,
nokuti haana kutenda kuzita roMwanakomana waMwari akaberekwa mumwe woga.

Bhuku 4a. ndini mvura yeupenyu

10Jesu akapindura, akati kwaari, "Dai waiziva chipo chaMwari, uye kuti ndiani anoti kwauri, ndipeiwo ndinwe, ungadai waikumbira kwaari, akakupa mvura mhenyu."

13Jesu akapindura, akati kwaari, "Mumwe nomumwe, anonwa mvura iyi, achava nenyotazve. 14Asi ani naani, anonwa mvura yandichamupa ini, haachazovi nenyota nokusingaperi; asi mvura, yandichamupa, ichava mukati make tsime remvura, inovhaira kuupenyu husingaperi."

Tsime reupenyu rinoendesa kuupenyu husingaperi

25Zvino mukadzi akati kwaari, "Ndinoziva kuti Mesiasi anouya, anonzi Kristu;
kana iye asvika, uchatiudza zvose."

26Jesu akati kwaari, "Ini, ndinotaura newe, ndini iye."

Ndini messia

39Zvino vaSamaria vazhinji veguta iro vakatenda kwaari
neshoko romukadzi, akapupura, achiti, "Andiudza zvose zvandakaita."

40Zvino vaSamaria vakati vachisvika kwaari,
vakamunyengetera kuti agare navo; akagarapo mazuva maviri.
41Navamwe vazhinji vakatenda neshoko rake.

Zvapupu nekutenda

Bhuku 4-Enda mwana wako achararama

50Jesu akati kwaari, "Enda hako, mwanakomana wako mupenyu."

Munhu uyu akatenda shoko rakarehwa naJesu kwaari, akaenda.
51Akati achaburuka,
varanda vake vakasangana naye, vakati, "Mwana wenyu mupenyu."
52Zvino akavabvunza nguva yaakatanga kunaya nayo. Vakati kwaari,
"Zuro nenguva yechinomwe fivha yakabva kwaari."
53Zvino baba vakaziva kuti ndiyo nguva Jesu yaakati kwaari,
"Mwanakomana wako mupenyu."
Iye akatenda nemhuri yake yose.

Kutenda nezviratidzo

Pfupiso yechikamu cheshanu- chetanhatu

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Chikamu cheshanu. Kuporeswa kuti uve mutsvene

8Jesu akati kwaari, “Simuka, tora nhoo dzako, ufambe.”
9Pakarepo munhu uyo akaporeswa, akatora nhoo dzake, akafamba.
…
14Shure kwaizvozvo Jesu akamuwana mutemberi,
akati kwaari, “Tarira, waporeswa;
usatadzazve, kuti urege kubatwa nechinhu chakaipa chinokunda chichi.”

kuporeserwa kuutsvene

24“Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
anonzwa shoko rangu, nokutenda akandituma,
ano upenyu husingaperi;
haauyi mukutongwa,
asi abva murufu, aenda muupenyu.
25Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
nguva inouya, nazvino yatovapo,
nayo vakafa vachanzwa izwi roMwanakomana waMwari;
vanonzwa vachararama.
…
28“Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguva inouya,
nayo vose vari mumabwiro vachanzwa izwi rake, 29vachabuda;
avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwoupenyu,
avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokutongwa.

Inzwi rajesu

Chikamu chetanhatu. Chingwa cheupenyu

11Zvino Jesu akatora zvingwa;
akavonga,
akazvipa vakanga vagere pasi;
nehovewo saizvozvo pavaida napo.
12Zvino vakati vaguta, akati kuvadzidzi vake,
“Unganidzai zvimedu zvakasara, kuti zvirege kurasika.”
13Ipapo vakazviunganidza, vakazadza matengu ane gumi namaviri
nezvimedu zvezvingwa zvishanu zvebhari, zvakanga zvasara kuna vakadya.

Jesu anogadzira chingwa

26Jesu akavapindura, akati, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
hamunditsvaki nokuti makaona zviratidzo,
asi nokuti makadya zvingwa mukaguta.
27Musabatira basa kutsvaka zvokudya zvinopera,
asi batirai basa kuti muwane zvokudya zvinogara kuupenyu husingaperi,
zvamuchapiwa naMwanakomana womunhu;
nokuti baba, Mwari, vakaisa chisimbiso **kwaari.”**

Kutsvaga zvinhu zvinoora pachinhambo chezvinoendesa kuupenyu husingaperi

47“Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
anotenda, ano hupenyu usingaperi.
48Ndini chingwa choupenyu.
49“Madzibaba enyu akadya mana murenje, akafa.
50Ichi ndicho chingwa, chinoburuka **kudenga,**
kuti munhu achidye, arege kufa.
51Ndini chingwa chipenyu, chakaburuka kudenga;
kana munhu achidya chingwa ichi, achararama nokusingaperi;
chingwa chandichapa, inyama yangu, yandinopira upenyu **hwapasi.”**

Ndini chingwa cheupenyu

67Jesu akati kuna vane gumi navaviri, “Nemi munoda kubvawo here?”
68Simoni Petirosi akamupindura, akati,
“Ishe, tichagoenda kuna aniko?
Ndimi muna mashoko oupenyu husingaperi.
69“Isu takatenda, tikaziva
kuti ndimi **Mutsvene waMwari.”**

Mashoko anopa upenyu husingaperi

Pfupiso yeGanhuro 7-8

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Ganhuro 7: Mumoyo make muchaerera nzizi dzemvura yeupenyu

16Jesu akapindura, akati, “Kudzidzisa kwangu hakusi kwangu, asi ndokwoakandituma.
17Kana munhu achida kuita kuda kwake,
achaziva kana kudzidzisa uku kuchibva kuna Mwari, kana ndichizvitaurira ndimene.
18“Anozvitaurira, anotsvaka kukudzwa kwake; asi anotsvaka
kukudzwa kwoakamutuma, ndiye wechokwadi, hapana kusarurama maari.

Kutsvaga kubwinya kwaMwari

37Zvino nezuva rokupedzisira, zuva guru romutambo, Jesu akamira, a
kadanidzira, akati, “Ani naani, kana ane nyota, ngaauye kwandiri, anwe.
38‘Anotenda kwandiri, sezvazvakarehwa noRugwaro,
nzizi dzemvura mhenyu dzichayerera dzichibva mukati make.’ ”
39Asi izvi akareva Mweya,
aizopiwa avo vaitenda kwaari, nokuti Mweya akanga asati avapo,
nokuti Jesu akanga asati akudzwa.

Rwizi rwemvura mhenyu

Ganhuro 8: Muchaziva zvokwadi uye zvokwadi ichakusunungurai

12Zvino Jesu akataurazve navo, akati,
“Ndini chiedza chenyika;
anonditevera **haangatongofambi murima,**
asi achava nechiedza choupenyu.”

Chiedza cheupenyu

24Naizvozvo ndakati kwamuri, muchafira muzvivi zvenyu,
nokuti kana musinganditendi, kuti, ‘Ndini (iye),
muchafira muzvivi zvenyu.’ ”

Tendai kuti ndini iye

28Naizvozvo Jesu akati,
“Kana masimudza Mwanakomana womunhu,
ipapo muchaziva kuti ndini (iye),
uye kuti ini handiiti chinhu ndimene,
asi ndinotaura izvozvo zvandakadzidziswa **nababa.**
…
30Akati areva izvozvo, vazhinji vakatenda kwaari.
31Zvino Jesu akati kuvaJudha avo, vakanga vamutenda,
“Kana imi muchigara mushoko rangu,
muri vadzidzi vangu zvirokwazvo.
32Muchaziva chokwadi,
nechokwadi chichakusunungurai.”

Garai mushoko rangu zvokwadi ichakusunungurai

49Jesu akapindura, akati,
“Handina mweya wakaipa,
asi **ndinokudza** baba vangu,
zvino imi mondizvidza.
50Ini handitsvaki **kuti ndikudzwe;**
ariko mumwe anozvitsvaka,
achitonga.
51Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
kana munhu akachengeta shoko rangu,
haangatongooni rufu.”

Ani naani unonzwa shoko rangu haazooni rufu

58Jesu akati kwavari, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
‘Abhurahamu asati avapo, **ini ndaivapo.**’ ”

NDINI iYE

59Ipapo vakanonga mabwe kuti vamutake nawo;
asi Jesu akazvivanza, akabuda mutemberi.

Kuti mabasa aMwari aonekwe (Johani 9:1-17)



Nhaurirano nevavakidzani:

8Vakanga vagere naye, navaimuona kare, kuti ndiye waikumbira, vakati,
“Ko uyu haasi iye aigara achikumbira here?”
9Vamwe vakati, “Ndiye;” vamwe vakati, “Kwete, asi akatodzana naye.”
Iye akati, “Ndini.”
10Zvino vakati kwaari, “Meso ako akagosvinudzwa seiko?”

11Akapindura, akati,
“Munhu anonzi Jesu akakanya dope, akazodza meso angu, akati kwandiri,
enda Siroami, undoshamba;
naizvozvo ndakaenda, ndikashamba, ndikaona.”

12Vakati kwaari, “Iye aripiko?”
Akati, “Handizivi.”

Nhaurirano nevaPharise:

13Vakamuisa kuvaFarisi, iye akanga ari bofu kare.
14Zvino raiva Sabata zuva iro Jesu raakakanya dope naro, akasvinudza meso ake.
15Zvino vaFarisi vakamubvunzazve, kuti wakaoneswa sei.

Akati kwavari,
“Akaisa dope pameso pangu,
ndikandoshamba,
ndikaona.”

16Zvino vamwe vavaFarisi vakati,
“Munhu uyu haasi waMwari, nokuti haachengeti Sabata.”
Asi vamwe vakati, “Ko munhu mutadzi angaita seiko zviratidzo zvakadai?”
Ipapo kupesana kwakamuka pakati pavo.
17Zvino vakatizve kubofu,
“Iwe unoti kudiniko pamusoro pake, zvaakasvinudza meso ako?”

Akati, “Muporofita.”

Ndaiva bofu zvino ndave kuvona (Johani 9:18-34)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Nhaurirano nevabereki:

18Naizvozvo vaJudha havana kutenda pamusoro pake, kuti akanga ari bofu, akazoona, kusvikira vadana vabereki vowakaoneswa, 19vakavabvunza, vachiti, "Uyu ndiye mwanakomana wenyu, wamunoti akaberekwa riri bofu here? Zvino anogoona seiko?"

Kutya kwevabereki marerano nokuva zvapupu pakupedzisira

20Vabereki vake vakapindura, vakati,
"Tinoziva kuti uyu mwanakomana wedu, uye kuti akaberekwa riri bofu;
21asi hatizivi kuti zvino woona sei;
noakasvinudza meso ake, hatimuzivi;
mubvunzei henyu; ayaruka, achazvirevera hake."
22Vabereki vake vakareva izvozvo, nokuti vaitya vaJudha,
nokuti vaJudha vakanga vatotenderana,
kuti kana kuchinge kune munhu anotenda kuti ndiye Kristu,
abudiswe musinagoge.
***23Naizvozvo** vabereki vake vakati, "Ayaruka hake, mubvunzei henyu."*

Kunze kwemasinagoge.. Uye kunze kwemunharaunda

Conversation 4, with the Pharisees:

24Zvino vakamudanazve rwechipiri, iye munhu akanga ari bofu, vakati kwaari,
"Rumbidza Mwari;
isu tinoziva kuti munhu uyu mutadzi."

Kuzvidza!

25Ipapo iye akapindura, akati, "Kana ari mutadzi ini handizivi; ndinoziva chinhu chimwe, kuti
ndaiva bofu,
zvino ndoona."

Kupupura kwechokwadi kunoputsa kukavara

26Ipapo vakati kwaari, "Akakuiteiko? Akasvinudza meso ako sei?"

Kukura neupofu

27Akavapindura, akati, "Ndatokuudzai, mukasanzwa. Munoda kunzwazve nemhaka yeiko?
Nemi munoda kuva vadzidzi vakewo kanhi?"

Kushinga kunoshamisa

28Vakamunyomba, vachiti,
"Iwe ndiwe mudzidzi wake,
asi isu tiri vadzidzi vaMosesi.
29Tinoziva kuti Mwari wakataura naMosesi;
asi uyu hatizivi kwaakabva."

46Nokuti dai maitenda Mosesi, mungadai mainditenda ini (Johani 5:46)

Kukura nemuono nekushinga

30Iye munhu akapindura, akati kwavari, "Nyambera chinhu ichi chinoshamisa, kuti imi hamuzivi kwaanobva,
kunyange akasvinudza meso angu.
31Tinoziva kuti Mwari haanzwi vatadzi;
asi kana munhu achishandira Mwari, achiita kuda kwake,
anomunzwa iye.
32Kubvira pakutanga hakuna kumbonzwika,
kuti mumwe akasvinudza meso omunhu, akaberekwa riri bofu.
33Dai uyu asati ari waMwari,
haasaigona kuita chinhu."

34Vakapindura, vakati kwaari, "Iwe wakaberekerwa muzvivi chose, zvino iwe wotidzidzisa isu?" Vakamudzingira kunze.

Ishe ndinotenda, pakarepo akamunamata (Johani 9:35-41)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Nhaurirano yechishanu naJesu

Maringe neChapter 10..mufudzi

35Jesu akanzwa kuti vamudzingira kunze;
akati amuwana, akati kwaari,
"Iwe unotenda kuMwanakomana waMwari here?"

36Akapindura, akati, "Iye ndianiko Ishe, kuti nditende kwaari?"

37Jesu akati kwaari,
"Wamuona, uye,
ndiye unotaura newe."

Dingindira rebhuku iyi

38Ipapo akati, "Ndinotenda, Ishe."
Akamupfugamira.

3Nokuti unyoro hwenyu hunokunda upenyu;
Miromo yangu ichakurumbidzai.
(Mapisrema 63:3)

Rwendo rwekusunungura vakasungwa

39Jesu akati, "Kutonga ndiko kwandauyira panyika ino,
kuti vasingaoni, vaone;
navanoona vave mapofu."

Kana tiri mapofu hamungatipi mhosva

40Avo vavaFarisi vaiva naye, vakazvinzwa, vakati kwaari,
"Ko nesuo tiri mapofu here?"

41Jesu akati kwavari, "Dai maiva mapofu, hamusaiva nezvivi,
asi zvino **munoti,** tinoona;
zvivi zvenyu zvinoramba zviripo."

Dai maive mapofu maisava nemhosva, asi kana muchivona musingatendi mune mhosva uye mhosva yenu icharamba iripo

Kunzwa inzwi rake nemashoko uye nokutenda kwaari zvinobva kune zvakaitwa kare. Chimwe chezvakaitwa naMwari

Kubginya kwaMwari mubhuku yaJohn:

Johani 3:3 *Jesu akapindura, akati kwaari, "Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri, kana munhu asingaberekwi kutsva, haangaoni ushe hwaMwari."*
Johani 3:8 *Mhepo inovhuvhuta painoda napo, unonzwa izwi rayo, asi hauzivi painobva napainoenda; mumwe nomumwe akaberekwa naMweya akadaro."*
Johani 6:37 *"Zvose baba zvavanondipa zvichauya kwandiri; noanouya kwandiri, handingatongomurasiri kunze.*
Johani 6:44 *"Hakuna munhu angauya kwandiri, kana baba, vakandituma, vasingamukwevi; neni ndichamumutsa nezuva rokupedzisira.*
Johani 6:65 *Akati, "Nemhaka iyi ndakati kwamuri, kuti hakuna munhu angauya kwandiri, kana asina kuzvipiwa nababa."*
Johani 10:26 *Asi imi hamutendi, nokuti hamusi vamakwai angu.*
Johani 8:47 *Ari waMwari, anonzwa mashoko aMwari; imi hamunzwi nemhaka iyi, nokuti hamusiri muri vaMwari."*
Johani 18:37 *Mumwe nomumwe wechokwadi anonzwa izwi rangu."*

Ndini mufudzi akanaka uyezve ndini mukova (Johani 10:1-14)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

1Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, “
Asingapindi napamusuo mudanga ramakwai,
asi anokwira napamwe,
imbavha negororo.
2Asi anopinda nopamusuo,
ndiye mufudzi wamakwai.
3Murindi womusuo anomuzarurira iye,
makwai
anonzwa izwi rake,
anodana makwai
ake namazita awo,
nokuaperekedzera kunze.
4Kana abudisa makwai ake ose,
anoatungamirira;
makwai anomutevera,
nokuti anoziva izwi rake.
5Asi mweni haangatongomuteveri,
asi anomutiza;
nokuti haazivi izwi ravaeni.”

Kuunganidza makwai

6Jesu akareva mufananidzo uyu kwavari,
asi havana kunzwisisa, kuti zvaakavataurira ndezvei.

Upofu pabhuku yekumashure

7Zvino Jesu akati kwavarizve, “Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
ndini musuo wamakwai.
8Vose vakanditangira kuuya, imbavha namakororo,
asi makwai haana kuvanzwa.
9“Ndini musuo
kana munhu apinda neni,
achaponeswa,
achapinda,
achabuda,
achawana mafuro.
10Mbavha inongouya,
kuti ibe
nokuuraya
nokuparadza.
Ini ndakauya,
kuti ave noupenyu,
uye ave nohwakawanda.

“Ndini nzira, nechokwadi, noupenyu; hapana munhu unouya kuna baba, asi nokwandiri. (John 14:6)

Kuzvidzivirira+kugutsikana pamweya Kuva nemufaro, rugare, naMwari

Chikonzero chekuunganidza makwai

Ndiani?

11“Ndini mufudzi **akanaka;**
mufudzi **akanaka** anorasira makwai ake upenyu hwake.

Sei?

12Muranda,
asati ari mufudzi wamakwai,
makwai asati ari ake,
anoti kana achiona bere richiuya,
anosiya makwai, ndokutiza;
bere rinoabvuta, nokuaparadza;
13anotiza,
zvaari muranda;
haana hanya namakwai.
14Ndini mufudzi **akanaka,**
ndinoziva makwai angu,
namakwai angu anondiziva ini,

Kuponeswa kubva pane zvipi

Ndiani ari kuunganidza makwai

Ndinoisa upenyu hwangu (Johani 10:14-21)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

14Ndini mufudzi **akanaka,**
ndinoziva makwai angu,
namakwai angu anondiziva ini,
15Baba sezvavanondiziva,
neni ndichiziva baba;
ndinorashira makwai angu hupenyu hwangu.
16Namamwe makwai ndinawo, asati ari edanga rino.
Naiwo ndinofanira kuuya nawowo,
achanzwa inzwi rangu;
richava boka rimwe,
nomufudzi **mumwe.**
17"Saka baba vanondida,
nokuti ndinorasha upenyu hwangu,
ndigohutorazve.
18Hakuna munhu anganditorera upenyu;
asi ndinohurasha ndimene.
Ndine simba rokuhurasha,
uye ndine simba rokuhutorazve.
Uyu murayiro ndakaupiwa nababa vangu."

Sei

Pazvinobva

Anofanirwa kuva Mwari

20Zvino Mwari worugare, akadzosa kuvakafa mufudzi mukuru wamakwai, iye Ishe wedu Jesu Kristu, neropa resungano isingaperi, 21ngaakukwanisei pazvinhu zvose zvakanaka, kuti muite kuda kwake, iye achiita mukati medu izvo zvinofadza pamberi pake, **naJesu Kristu ngaave nokubwinya nokusingaperi-peri.** Ameni. (vaHebheru 13:20-21)

Jesu anounganidza sei boka rake

Dzimwe pfungwa paganhuro 16:Chikonzero chaMwari chekuponesa

1. Chokwadi changu kuti ndinoenda kudenga ndinazvo ndisati ndazviwana

2. Chokwadi chekuti kuponesa kwaMwari nyika kuchabudirira(kuburikidza neshoko)

16Namamwe makwai ndinawo, asati ari edanga rino.
Naiwo ndinofanira kuuya nawowo,
achanzwa inzwi rangu;
richava boka rimwe,
nomufudzi **mumwe.**

Ndine amwe makwai

Sei kuva zvisati zvauya

Zvakare ganhuro 3na4

6"Ndakaratidza vanhu, vamakandipa panyika, zita renyu. Vakanga vari venyu, mukandipa ivo, vakachengeta shoko renyu. (Johani 17:6)

...4sezvaakatitsanangura maari nyika isati yavambwa, kuti tive vatsvene, vasina mhosva, pamberi pake murudo; (vaEfeso 1:4) (See also Johani 6:39, 44, 65; 17:9, 24; 18:9)

Boka rimwe=kwete vaJuda voga
51Haana kureva izvozvo pachake, asi zvaakanga ari mupristi mukuru gore iro, akaporofita kuti Jesu aifanira kufira rudzi; 52rusati ruri rudzi rwoga, asi kuti aunganidze pamwechete vana vaMwari vakapararira. (Johani 11:51-52)

"Ndimi makafanira kuti mutore bhuku nokuzarura zvisimbiso zvayo; nokuti makabayiwa, makatengera Mwari neropa renyu vanhu vanobva kumarudzi ose, nendimi dzose, navanhu vose, nendudzi dzose; 10mukavaitira Mwari wedu, kuti vave ushe navapristi, vabate ushe panyika." (ZVAKAZARURWA 5:9-10)

19Ipapo kupesana kukamukazve pakati pavaJudha pamusoro pamashoko iwayo.
20Vazhinji vavo vakati,
"Ane mweya wakaipa, anopenga; munomuteerereiko?"
21Vamwe vakati,
"Mashoko awa haati ari omunhu akabatwa nomweya wakaipa;
ko mweya wakaipa ungagona kusvinudza meso amapofu here?"

Mhedzisiro:Jesu anopenga here kana kuti ndiye Mwari

Ini nababa tiri vamwe (Johani 10:22-33)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

22Yaiva nguva yomutambo wokuvandudzwa kwetemberi paJerusaremu;
chaiva chando. 23Jesu akafamba mutemberi pabiravira raSoromoni.
24Zvino vaJudha vakamukomba, vakati kwaari,
"Uchatinetsa kusvikira ripiko?
Kana uri Kristu iwe, tiudze pachena."

Tiudzei pachena:uyu ndiye ani

25Jesu akavapindura, akati,
"Ndakakuudzai,
mukasatenda.
Mabasa andinoita nezita rababa, ndiwo anondipupurireni.
26Asi imi hamutendi,
nokuti hamusi vamakwai angu.
27Makwai angu
anonzwa izwi rangu;
neni ndinoaziva,
uye anonditevera.
28Ndinoapa
upenyu husingaperi;
haangafi nokusingaperi,
uye hakuna munhu angaabvuta muruoko rwangu.
29Zvandakapiwa
nababa
vangu zvikuru kuna zvose;
hakuna munhu ungaabvuta
muruoko rwababa vangu.
30"Ini nababa tiri vamwe."

Mhinduro yaJesu

Zvinofanirwa kuti gwai ritende(kwete imwe nzira) Kudarika nzira yevanhu yaanotenda nayo

19Ndichavapa mwoyo mumwe, nokuisa mweya mutsva mukati menyu; ndichabvisa mwoyo webwe munyama yavo, ndokuvapa mwoyo wenyama; (Ezekieri 11:19)

Mukuru kudarika Mesiyas

31Zvino vaJudha vakanongazve mabwe, kuti vamutake.

32Jesu akavapindura, akati,
"Ndakakuratidzai mabasa mazhinji akanaka akabva kuna baba;
munonditakira basa ripiko kuna iwaya?"

33VaJudha vakamupindura, vakati,
"Hatikutakiri basa rakanaka;
asi nokuti wamhura Mwari; uye,
nokuti iwe munhu, unozviita Mwari."

Vakanzwisisa

Ganhuro nhanhatu dzinotaridza chokwadi chavo

Johani 1:1, 14: *1Pakutanga Izwi rakanga riripo, Izwi rakanga riri kuna Mwari, Izwi rakanga riri Mwari . . . Izwi rakazova munhu, rikagara pakati pedu*
Johani 5:19: *Zvino Jesu akapindura, akati kwavari, "Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, mwanakomana haagoni kuita chinhu oga, kana asingaoni baba vachichiita; nokuti zvose zvavanoita ivo, Mwanakomana unozviita saizvozvowo.*
Johani 8:58: *58Jesu akati kwavari, "Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, 'Abhurahamu asati avapo, ini ndaivapo.' "*
Johani 10:18: *Ndine simba rokuhurasha, uye ndine simba rokuhutorazve.*
Johani 12:41: *Isaya akareva izvozvi, nokuti akaona kubwinya kwake; akamureva iye.*
Johanne anosarudza umambo hwaMwari hwakaonekwa naIsaya sekubwinya kuri muna Jesu Kristu
Johani 20:28: *Tomasi akapindura, akati kwaari, "Ishe wangu, naMwari wangu!"*
Chinangwa cherudo:kuuyisa vanhu kuruzivo rwekufadza kuri mukubginya kwaMwari

Kutenda nekusatenda (Johani 10:34-42)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

34Jesu akavapindura, akati,
"Hazvina kunyorwa here mumurayiro wenyu, zvichinzi, ndakati, 'Muri vamwari?'
35"Zvino kana akavaidza vamwari, ivo shoko raMwari rakasvika kwavari,
(Rugwaro harungaputswi);
36imi moti seiko kuna iye
akaitwa mutsvene
nababa,
nokutumwa panyika,
unomhura Mwari, zvandakati, ndiri Mwanakomana waMwari?
37Kana ndisingaiti mabasa ababa vangu,
kunditenda ini;
38asi kana ndichiaita,
kunyange musinganditendi ini,
tendai mabasa,
mugoziva nokunzwisisa,
kuti baba vari mandiri,
neni ndiri muna baba."

Hokero yekupedzisira

39Zvino vakatsvakazve kumubata,
asi iye akapukunyuka pamaoko avo.

40Zvino akaendazve mhiri kwaJorodhani,
paya paibhabhatidza Johani pakutanga;
akagarapo.
41Vazhinji vakauya kwaari,
vakati, "Johani haana kuita chiratidzo,
asi zvose zvakareva Johani pamusoro pouyu ndezvechokwadi."
42Vazhinji vakatenda kwaari ipapo.

Musimboti wekutenda

'Handisi Kristu ini, asi kuti ndakatumwa pamberi pake.' 29Ano mwenga ndiye muwani; asi shamwari yemuwani inomira ichimunzwa, inofara zvikuru nezwi romuwani. Naizvozvo kufara kwangu uku kwazadzika. 30Iye anofanira kukura, asi ini ndinofanira kudukupiswa." (Johani 3:28–30)

Chinangwa cherudo: Kuuyisa vanhu kuruzivo rwekufadza kuri mukubginya kwaMwari (Johani 11:1-20)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

1Mumwe munhu wakanga achirwara,
ainzi Razaro weBhetania,
musha waMaria nomukoma wake Marita.
2Ndiye Maria uya, akazodza Ishe
namafuta, akapukuta tsoka dzake nevhudzi rake;
hanzvadzi yake Razaro, akanga achirwara.
3Zvino hanzvadzi dzake dzakatuma shoko kwaari, dzichiti,
"Ishe, tarirai uyo anodikanwa nemi anorwara."

Rudo

4Jesu akati azvinzwa, akati, "Kurwara uku hakusi kwokufa,
asi **kuti Mwari akudzwe,**
noMwanakomana waMwari akudzwewo nazvo."

Rufu

Kubginya

5Jesu akanga achida Marita, nomun'un'una wake, naRazaro.
6Zvino akati anzwa kuti anorwara,
akambogara mazuva maviri paakanga ari.
7Shure kwaizvozvo akati kuvadzidzi vake, "Hendeizve Judhea."

Rudo, nokudaro

8Vadzidzi vakati kwaari,
"Rabhi, vaJudha vakanga vachikutsvakai ikozvino,
kuti vakutakei namabwe; zvino moendazve ikoko here?"

9Jesu akapindura, akati, "Nguva hadzisi gumi nembiri pazuva here?
Kana munhu achifamba masikati, haagumburwi,
nokuti anoona chiedza chenyika ino.
10Asi kana munhu achifamba usiku, anogumburwa, nokuti
hakuna chiedza maari."
11Ndizvozvo zvaakareva, akazoti kwavari,
"Razaro, hama yedu, avata;
asi ndinoenda, kuti ndimumutse pahope."

Baba ndinoda kuti avo vamakandipa, vavewo neni apo pandiri, kuti vaone **kubwinya kwangu,** kwamakandipa, nokuti makandida nyika isati yavambwa. (John 17:24)

12Zvino vadzidzi vakati kwaari,
"Ishe, kana achivata, achanaya."
13Jesu akanga areva kufa kwake,
asi ivo vakanga vachiti anoreva kuvata hope.

4Ipapo Jesu akavaudza pachena,
"Razaro afa.
15Ndinofara nokuda kwenyu, kuti ndakanga ndisipo,
kuti mugotenda;
asi zvino hendei kwaari."

Kutenda

16Ipapo Tomasi, ainzi Dhidhimo, akati kuna vamwe vadzidzi,
"Hendei nesuo,
kuti tindofa naye."

17Zvino Jesu akati achisvika,
akamuwana atova mubwiro mazuva mana.
18Bhetania rakanga riri pedyo neJerusaremu,
masitadhia anenge gumi namashanu;
19vazhinji vavaJudha vakanga vauya kuna Marita naMaria, kuti vavabate ruoko
pamusoro pehanzvadzi yavo.
20Zvino Marita akati achinzwa kuti Jesu wouya,
akaenda kundomuchingamidza;
asi Maria akagara mumba.

Jesu ndiye kumuka neupenyu (Johani 11:21-27)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

21Marita akati kuna Jesu,
"Ishe, dai maiva pano,
hanzvadzi yangu ingadai isina kufa.
22Kunyange zvino ndinoziva,
kuti zvose zvamunokumbira kuna Mwari,
Mwari achakupai."

Mubvunzo wekutanga Rudo: Maritha

23Jesu akati kwaari, "Hanzvadzi yako ichamukazve."

24Marita akati kwaari, "Ndinoziva kuti
achamukazve pakumuka nezuva rokupedzisira."

25Jesu akati kwaari, "Ndini kumuka noupenyu;
anotenda kwandiri,
kunyange akafa,
achararama.
26"Mumwe nomumwe ari mupenyu,
anotenda kwandiri,
haangatongofi.
Unotenda izvozvo here?"

1: Chokwadi

27Akati kwaari, "Hongu, Ishe,
ndakatenda kuti ndimi Kristu,
Mwanakomana waMwari,
uyo ainzi anouya panyika."

28Akati areva izvovo, akandodana Maria,
munun'una wake, akati kwaari vari voga, "Mudzidzisi asvika, anokudana."
29Iye akati achizvinzwa, akakurumidza kusimuka, akaenda kwaari.
30(Zvino Jesu akanga asati asvika pamusha,
asi akanga achiri paya paakachingamidzwa naMarita.)
31Zvino vaJudha, vakanga vari mumba
naye vachimubata ruoko,
vakati vachiona Maria achikurumidza kusimuka achibuda,
vakamutevera,
vachiti unoenda kubwiro kundochemako.

32Zvino Maria akati achisvika kuna Jesu, achimuona,
akawira pasi patsoka dzake, akati kwaari;
"Ishe, dai maiva pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa."

Mubvunzo werudo wechipiri: Maria

Shungu dzekutaridza rumbidzo yaMwari (Johani 11:33-44)



Jesu akafira kuunganidza vana vaMwari (Johani 11:45-57)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

45Naizvozvo vazhinji vavaJudha,
vakanga vauya kuna Maria,
vakati vaona zvaaita,
vakatenda kwaari.

Kuona nekutenda

46Asi vamwe vavo
vakaenda kuvaFarisi, vakandovaudza zvakanga zvaitwa naJesu.
47Naizvozvo vapristi vakuru navaFarisi vakaunganidza makurukota, vakati,
"Todiniko?
Nokuti uyu anoita zviratidzo zvizhinji.
48Kana tikamurega achidaro,
vanhu vose vachatenda kwaari;
navaRoma vachauya vakatitorera
nzvimbo yedu
norudzi rwedu."

Dambudziko revanhu vese

Zvakaitwa nedare.
Sanhedrin nedare guru revaJuda

49Zvino mumwe wavo, Kaifasi,
akanga ari mupristi mukuru gore iro,
akati kwavari, "Hamuzivi chinhu, imi,
50uye hamurangariri kuti
zviri nani kwamuri, kuti munhu mumwe afire
vanhu,
rudzi rwose rurege kufa."
51Haana kureva izvozvo pachake,
asi zvaakanga ari mupristi mukuru gore iro,
akaporofita kuti Jesu aifanira kufira rudzi;
52rusati ruri rudzi rwoga,
asi kuti aunganidze pamwechete vana vaMwari vakapararira.
53Zvino kubva pazuva iro vakarangana, kuti vamuuraye.

Kufira kubatanidza vana vaMwari

54Naizvozvo Jesu haana kuzofamba pachena pakati pavaJudha,
asi akabvapo, akaenda kunyika iri pedyo nerenje,
kuguta rainzi Efuremu;
akagarako navadzidzi vake.

55Zvino Pasika yavaJudha yakanga yava pedyo,
vanhu vazhinji venyika iyo vakakwira Jerusaremu, Pasika isati yasvika,
kuti vazvinatse.
56Zvino
vakatsvaka Jesu,
vakataurirana vamire mutemberi, vachiti,
"Munoti kudiniko?
Munoti haangauyi kumutambo here?"
57Zvino vapristi vakuru navaFarisi vakanga varayira,
kuti, ani naani kana achiziva kwaari, avazivise, kuti vandomubata.

Kana mbeu ikafa inobereka zvibereko zvizhinji (Johani 12:1-11)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

1Zvino mazuva matanhatu Pasika ichigere kusvika,
Jesu akasvika Bhetania,
paiva naRazaro, wakadeya kumutswa naJesu kuvakafa.
2Vakamuitirapo chirariro;
Marita akavashandira;
naRazaro akanga ari mumwe wavakanga vagere naye pakudya.
3Zvino Maria akatora paundi yamafuta enaridho, anomutengo mukuru,
akazodza tsoka dzaJesu, akapukuta tsoka dzake nevhudzi rake;
imba ikazadzwa nokunhuwira kwamafuta.

11:57 Vaida kumusunga. Papaseka Jesu anofanira kufa

Kurwadziwa kwaMaria

vagere: chirairo, kwete kudya kwemazuva ose

Kudya nemafuta=maita basa nekumutsa hanzvadzi yangu kubva kuvakafa

Bvudzi revakadzi raisaonekwa pachena mazuva iwayo

4Ipapo [asi] mumwe wavadzidzi vake, [but = contrast to Mary's reaction…]
Judhasi Isikarioti akanga achazomupandukira, akati,
5"Mafuta awa akaregereiko kutengeswa namadhenari mazana matatu, akapiwa varombo?"
6Asi haana kureva izvozvo kuri kuti akarangarira varombo,
asi nokuti aiva mbavha;
aigara nechikwama, achisiba zvaiiswamo.

Rudo rwemari
I Tim 6:7-10, Mat 6:24

Kuzvisungirira kana shungu dzezvaunoda zvisina kuenderana

7Asi Jesu akati, "Muregei,
azvichengetere zuva rokuvigwa kwangu.
8Nokuti varombo munavo nguva dzose;
asi ini hamuneni nguva dzose."

Kukosha kwekururama kwaJesu

25Jesu akati kwaari, "Ndini kumuka noupenyu; anotenda kwandiri, kunyange akafa, achararama. 26"Mumwe nomumwe ari mupenyu, anotenda kwandiri, haangatongofi. Unotenda izvozvo here?" (Johani 11:25-26)

9Zvino vanhu vazhinji-zhinji vokuvaJudha vakanzwa kuti aripo;
vakauya,
asi havana kuuya nokuda kwaJesu bedzi,
asi kuti vaonewo Razaro, waakanga amutsa kuvakafa.

10Asi vapristi vakuru vakarangana kuti vauraye naRazarowo,
11nokuti nokuda kwake
vaJudha vazhinji vakanga vachibva kwavari, vachitenda kuna Jesu.

Kana mbeu ikafa inobereka zvibereko zvizhinji (Johani 12:12-28)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

12Zvino ava mangwana vanhu
vazhinji-zhinji, vakanga vauya kumutambo,
vakati vanzwa kuti Jesu auya Jerusaremu,
13vakatora mashizha emichindwi, vakabuda kundomuchingamidza,
vakadanidzira, vachiti, "Hosana!
Ngaarumbidzwe anouya muzita ralshe, Mambo wavaIsiraeri."

26Akaropafadzwa iye anouya
nezita raJehovha;
Takakuropafadzai tiri mumba
maJehovha. (Ps 118:26)

14Jesu akati awana mwana wembongoro, akagara pamusoro payo,
sezvazvakanyorwa, zvichinzi,
15"Usatya, mukunda weZioni;
tarira Mambo wako anouya,
agere pamusoro pemhuru yembongoro."
16Vadzidzi vake havana kunzwisisa izvozvi pakutanga;
asi Jesu **akati akudzwa,**
vakazoyeuka, kuti izvozvo zvakanga zvanyorwa pamusoro
uye kuti vakanga vamuitira izvozvo.

9 Rejoice greatly, O daughter of Zion! Shout aloud, O daughter of Jerusalem! Behold, your king is coming to you;
righteous and having salvation is he, humble and mounted on a donkey, on a colt, the foal of a donkey. (Zech 9;9)

Jesu mambo walsaeri (nepasi rose)

17Zvino vanhu
vazhinji vaiva naye pakudana kwake Razaro kuti abve mubwiro,
nokumumutsa kuvakafa,
vakapupura.
18Saka vazhinji vakamuchingamidzawo,
nokuti vakanga vanzwa, kuti akaita chiratidzo ichocho.

19Ipapo vaFarisi vakataurirana, vachiti, "
Munoona henyu kuti hamugoni chinhu; tarirai, nyika yose yamutevera."

20Zvino kwaiva navamwe vaGiriki pakati pavakanga vakwira kumutambo kundonamatako;
21ivo vakauya kuna Firipi weBhetisaidha reGariria,
vakakumbira kwaari, vachiti, "Ishe, tinoda kuona Jesu."
22Firipi akaenda, akandoudza Andireya; Andireya akaenda naFiripi,
vakandoudza Jesu.

23Jesu akavapindura, akati,
"Nguva yasvika, kuti **Mwanakomana womunhu akudzwe.**
24Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
kana tsanga yezviyo ikasawira muvhu, ikafa,
ichagara iri yoga;
asi kana ikafa,
inobereka zvibereko zvizhinji.

Nzira yekuona Jesu nokuva neupenyu yakaoma uye inobwinya

25Anoda upenyu hwake,
acharasikirwa nahwo;
noanovenga upenyu hwake panyika ino,
achahuchengeta kuupenyu husingaperi.
26Kana munhu achindishumira,
ngaanditevere;
napandinenge ndiri,
nomuranda wangu achavapowo.
Kana munhu achindishumira,
baba vachamukudza.

Kubginya kwake kukuru panyika kudarika kuna Mwari

Kufunga zvishoma nezveupenyu hwake uye zvikuru kuna Mwari kuti akazvipira kuna Mwari

Tinofanira kumutevera kuchinjikano kuti tirumbidzwe pamwe chete kudenga

Chinangwa chandauyira pane ino nguva: Kurumbidza (Johani 12:27-36)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

27“Zvino mweya wangu unomanikidzwa; ndichatiiko?
Baba ndiponesei panguva ino.
Asi ndizvo zvandauyira panguva ino.
28Baba, kudzai zita renyu.”
Ipapo izwi rakauya, richibva kudenga,
“Ndatorikudza,
ndicharikudzazve.”

14Izwi rakazova munhu, rikagara pakati pedu, tikaona kubwinya kwake, kubwinya sokwowakaberekwa mumwechete wababa, azere nenyasha nechokwadi… 16Nokuti pakuzara kwake isu tose takapiwa nyasha pamusoro penyasha.. (John 1:14,16)

11nokuti nhasi mazvarirwa muguta raDhavhidhi Muponesi, ndiye Kristu Ishe. 12Ichi ndicho chiratidzo kwamuri, muchandowana mwana mucheche, akaputirwa nemicheka, avete muchidyiro chezvipfuwo. ”13Ipapo kamwe-kamwe kukavapo pamwechete nomutumwa, vazhinji vehondo yokudenga, vachirumbidza Mwari, vachiti, 14“Mwari ngaarumbidzwe kumusoro, Norugare ngaruve navanhu vaanofarira.” (Luk 2:11-14)

29Zvino vanhu vazhinji, vakanga vamirepo, vachizvinzwa, vakati, “Kwatinhira.”
Vamwe vakati, “Mutumwa ataura naye.”

30Jesu akapindura, akati, “Izwi iri harina kuuya nokuda kwangu asi nokuda kwenyu.
31Zvino kutongwa kwenyika ino kwavapo,
zvino muchinda wenyika ino achadzingwa.
32Neni, kana ndasimudzwa panyika,
ndichakwevera vose kwandiri.”
33Wakareva izvozvi, achiratidza kufa, kwaaizofa nako.

1
2
3

Kutongwa zvino: 5Zvino kwaivapo mumwe munhu, akanga abatwa nokurwara kwake makore makumi matatu namasere. (Johani 5:24)

Kutongwa kuchauya: 28“Musashamiswa naizvozvo; nokuti nguva inouya, nayo vose vari mumabwiro vachanzwa izwi rake, 29vachabuda; avo vakaita zvakanaka, kukumuka kwoupenyu, avo vakaita zvakaipa, kukumuka kwokutongwa. (Johani 5:28-29)

20Ndakaroverwa pamuchijikwa pamwechete naKristu; handichiri ini ndinorarama, asi Kristu anorarama mandiri; kurarama uku, kwandinorarama nako munyama zvino, ndinorarama nokutenda kuri muMwanakomana waMwari, akandida, akazvipa nokuda kwangu.(Gal 2:20)

Kukunda pamuchinjikwa: *asi kana ndikaenda, ndichamutumira* [Munyaradzi] *kwamuri. 8“Iye kana asvika achazivisa nyika pamusoro pezvivi, napamusoro pokururama, napamusoro pokutongwa; …11pamusoro pokutongwa, nokuti muchinda wenyika ino atongwa kare. (Johani 16:8,11)*

16Namamwe makwai ndinawo, asati ari edanga rino. Naiwo ndinofanira kuuya nawowo, (Johani 10:16)

11Ivo vakamukunda neropa reGwayana (Zvakazarurwa 12:11)

34Zvino vanhu vazhinji vakamupindura, vakati,
“Isu takanzwa pamurayiro kuti Kristu uchagara aokusingaperi;
zvino moreva seiko imi, kuti Mwanakomana womunhu anofanira kusimudzwa?
Uyu Mwanakomana womunhu ndianiko?”

35Ipapo Jesu akati kwavari, “Chiedza chichipo pakati penyu chinguva chiduku.
Fambai muchine chiedza,
kuti murege kukundwa nerima;
anofamba murima haazivi kwaanoenda.
36“Muchine chiedza,
tendai kuchiedza,
mugoitwa vana vechiedza.”

4

Nzira ina dzaMwari dzekuzvirumbidza nadzo murufu nemukumuka kwaJesu Kristu

Rutendo muna Jesu makomborero nezvibingaidzo (Johani 12:36-50)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

"Tarira, mwana uyu akaisirwa kuwa nokumuka kwavazhinji pakati pavaIsiraeri, chichava chiratidzo chicharambwa (Ruka 2:34)

11Akauya kunezvake, asi vanhu vake havana kumugamuchira. (Johai 1:11).

Jesu akareva izvozvi, akabva, akazvivanza kwavari.
37Zvino kunyange akanga aita zviratidzo zvizhinji zvakadaro pamberi pavo,
havana kutenda kwaari;
38 kuti shoko romuporofita Isaya riitike, raakareva, achiti,
"Ishe, ndianiko akatenda chavakanzwa kwatiri?
Noruoko rwaIshe rwakaratidzwa kuna aniko?"
39Saka vakanga vasingagoni kutenda,
nokuti Isaya akatizve,
40"Akapofumadza meso avo,
akaomesa mwoyo yavo;
Kuti varege kuona nameso avo,
nokunzwisisa nemwoyo yavo,
Vadzoke
Ndivaporese."
41Isaya akareva izvozvi,
nokuti akaona kubwinya kwake; akamureva iye.
42Asi kunyange zvakadaro vazhinji vavabati vakatenda kwaari;
asi vakanga vasingamureururi nokuda kwavaFarisi,
kuti varege kubudiswa musinagoge;
43nokuti vakanga vachida kukudzwa navanhu
kupfuura kukudzwa naMwari.

Saka, nokuti, kuti = Kurambiwa kwakange kwakarongwa

Is 53:1

Is 6:10

Ukuru nekuzvidemba 18Anotenda kwaari, haatongwi; asi asingatendi kwaari, atotongwa, nokuti haana kutenda kuzita roMwanakomana waMwari akaberekwa mumwe woga. (Johani 3:18)

Mhedzisiro inosiririsa yeEvhangeri yaJesu paNyika.
Yakarongwa naMwari kuuyisa mufaro panyika

Pfupiso yeEvhangeri yaJesu. Ganhuro 13 pachikamu chinotevera

44Zvino Jesu akadana, akati, "
Anotenda kwandiri,
haatendi kwandiri, asi kune akandituma.
45Anondiona,
anoona akandituma.
46Ini ndakauya munyika, ndiri chiedza,
kuti ani naani anotenda
kwandiri arege kugara murima.
47Kana munhu achinzwa mashoko angu,
akasaachengeta,
handimutongi ini,
nokuti handina kuuya kuzotonga nyika,
asi kuti ndiponese nyika.
48Anondiramba,
asingagamuchiri mashoko angu,
anomumwe, anomutonga;
shoko randakareva ndiro
richamutonga nezuva rokupedzisira.
49"Nokuti handina kureva pachangu,
asi baba, vakandituma, ndivo vakandipa murayiro,
zvandichareva nezvandichataura.
50Ndinoziva kuti murayiro wavo ndihwo upenyu husingaperi;
naizvozvi zvandinotaura,
ndinotaura sezvandakaudzwa nababa."

3Akazvidzwa, nokuraswa navanhu, munhu wokurwadziwa, akaziva urwere, somunhu anovanzirwa navanhu zviso zvavo; akazvidzwa nesu hatina kumukudza. 4Zvirokwazvo, akatakura matenda edu, nokusimudza kurwadziwa kwedu; asi isu takati akatambudzwa, akarohwa naMwari nokumanikidzwa. 5Asi akakuvadzwa nokuda kwokudarika kwedu, akarwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu; kurohwa kwakativigira rugare kwakanga kuri pamusoro pake, takaporeswa namavanga ake. (Is 53:3-5)

Jesu mukuru kwazvo, asi anozvininipisa pakuita kwake (Johani 13:1-11)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

1Zvino mutambo wePasika usati wasvika,
Jesu akaziva kuti nguva yake yasvika,
kuti abve munyika ino, aende kuna baba,
zvaakanga aida vanhu vake vaiva munyika,
akavada kusvikira pakuguma.

2Zvino vakati voravira,
Dhiabhori atoisa mumwoyo maJudhasi Isikarioti, mwanakomana waSimoni,
kuti amupandukire;

3Jesu achiziva
kuti baba vakamupa zvinhu zvose mumaoko ake,
uye kuti akabva kuna Mwari,
uye kuti anoenda kuna Mwari;
4akasimuka pakurayira,
akabvisa nguo dzake,
akatora mucheka, akazvisunga chiuno.
5Zvino akadira mvura mumudziyo,
akatanga kushambidza tsoka dzavadzidzi vake,
akadzipukuta nomucheka,
waakanga akazvisunga nawo.

5Ivai nomwoyo uyo, wakanga uri muna Kristu Jesuo; 6iye,
kunyange akanga akafanana naMwari, haana kuti
kuenzana naMwari ndochinhu chinofanira kubatisiswa; 7asi
wakazvidurura iye, akazviita muranda, akafanana navanhu;
8akati awanikwa nomufananidzo womunhu, akazvininipisa,
akateerera kusvikira parufu, irwo rufu rwomuchinjikwa.
(Phil 2:5-8)

6Akasvika kuna Simoni Petirosi,
iye akati kwaari, "Ishe, imi moshambidza tsoka dzangu kanhi?"

7Jesu akapindura, akati kwaari,
"Chandinoita hauchizivi zvino;
asi uchazvinzwisisa pashure."

8Petirosi akati kwaari,
"Hamungatongoshambidzi tsoka dzangu nokusingaperi."

Jesu akamupindura, akati,
"Kana ndisingakushambidzi, hauna mugove neni."

9Simoni Petirosi akati kwaari,
"Dzirege kuva tsoka dzangu dzoga, asi maoko angu nomusoro wanguo."

10Jesu akati kwaari,
"Akashambidzwa muviri wose,
anofanira woga kuti ashambidzwe tsoka dzake,
zvino wanaka kwazvo;
imi makanaka,
asi hamusi mose."
11Nokuti akanga achiziva uyo aizomupandukira
saka akati, "Hamuna kunaka mose."

Pfupiso John 1-12

Jesu mukuru kwazvo

Asi anozvininipisa pakuita kwake

Kunaka, kushaya chipomerwa, asi zvichida hutsvene hwekugezwa tsoka (kureurura nekuregerera)

Gumi neumwe chete vakachena kwazvo=kuzvarwa kutsva, kuchenurwa

Kuti ukwanise kudanirwa kuchigaro chikuru, zvinoda kuzvininipisa pakubata kwako (Johani 13:12-20)



Hamunganditeveri parizvino (Johani 13:21-38)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 1

21Zvino Jesu akati areva kudaro,
akamanikidzwa mumweya, akapupura, akati,
"Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri, mumwe wenyu achandipandukira."

1"Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa; tendai kuna Mwari, mutendewo kwandiri. (Johani 14:1)

22Vadzidzi vakatarirana,
vasingazivi kuti wareva ani.
23Zvino mumwe wavadzidzi vake
akanga akasendamira pachipfuva chaJesu,
aidikanwa naJesu.
24Simoni Petirosi akamuninira, akati kwaari,
"Tiudzei kuti ndianiko waanoreva."
25Iye akavata pachipfuva chaJesu,
akati kwaari, "Ishe, ndianiko?"

20Petirosi akatendeuka, akaona uya mudzidzi, aidikanwa naJesu, achitevera; ndiyewo akasendamira pachipfuva chake pachirariro, achiti, "Ishe, ndianiko achakupandukirai?" (John 21:20)

24Ndiwoyu mudzidzi anopupura izvozvi, wakazvinyorawo; tinoziva kuti kupupura kwake ndokwechokwadi. (John 21:24)

1. Ndiani anogara kupi?

26Ipapo Jesu akapindura, akati,
"Ndiye wandichapa chimedu, kana ndachiseva."
Zvino akati aseva chimedu,
akachitora, akapa Judhasi, mwanakomana waSimoni Isikarioti.
27Iye akati agamuchira chimedu, Satani akapinda maari.
Ipapo Jesu akati kwaari,
"Zvaunoita, ita uchikurumidza."

28Asi kwakanga kusina mumwe kuna vakanga vagere naye pakudya,
akaziva kuti akareverei izvozvi kwaari.
29Vamwe vakanga vachiti,
Judhasi zvaaigara ane chikwama, kuti Jesu akati kwaari,
"Tenga zvatinoda pamutambo;
kana kuti ape varombo chinhu."
30Iye akati agamuchira chimedu,
akabuda pakarepo;
hwakanga huri usiku.

5Chiedza chinovhenekera murima; asi rima harina kugona kuchikunda....
4Ndinofanira kubata basa rowakandituma, achiri masikati; usiku hunouya, husingagoni munhu kubata basa nahwo. (Joh 1:5, 9:4). 53Ndaiva nemi mutemberi mazuva ose mukasandibata; asi zvino inguva yenyu nesimba rerima." (Ruka 22:53)

3. Usiku nemasikati

31Zvino akati abuda, Jesu akati,
"Zvino Mwanakomana **akudzwa** maari;
32kana Mwari **akudzwa** maari,
Mwari **achamukudza** iye maari,
uchamukudza pakarepo.
33Vana vaduku, ndichiri nemi chinguva chiduku;
muchanditsvaka,
asi sezvandakareva kuvaJudha, ndichiti,
'Pandinoenda, imi hamungauyipo,
saizvozvo zvino ndinoreva kwamuriwo.'
34"Ndinokupai murayiro mutsva,
wokuti mudane;
sezvandakakudai imi,
nemi mudanewo saizvozvo.
35Vose vachaziva naizvozvi kuti muri vadzidzi vangu,
kana muno rudo pakati penyu."

tikaona **kubwinya** kwake, **kubwinya** sokwowakaberekwa mumwechete wababa, azere nenyasha nechokwadi.....
19Kubva zvino ndinokuudzai zvisati zvaitika, kuti kana zvichiitwa, mugotenda kuti ndini. (John 1:14, 13:19)

Ndima 34 na 35 pabepa rinotevera...

4. Nguva yerima kubgwinya kweutsvene

36Simoni Petirosi akati kwaari, "Ishe, munoendepiko?"
Jesu akapindura, akati, "Kwandinoenda, haunganditeveri zvino;
asi uchanditevera pashure."
37Petirosi akati kwaari,
"Ishe, handingakutevereyi zvino neiko?
Ndichakufirai ini."
38Jesu akapindura, akati,
"Uchandifira here?
Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwauri,
Jongwe haringariri, usati wandiramba katatu.

Vakakonewa kutakura muchinjikwa wake kuti vamutevere. Chero naiyevo Petro kusvika jongwe rarira. Zvazvino nezvinouya zvikava pschena mubhuku inotevera: Ndini nzira

2. Hamunganditeveri

Seni ndakakudai nemivo dananaivo (Johani 13:31-34)



Moyo yenyu ngairege kumanikidzwa, ndini… (Johani 14:1-17)

Zvikonzero zvishanu zvekukunda hunyangadzi pakutenda

Zvikonzero chimwe - kuzvitatu kune ramangwana, asi china nechishanu zviri pedyo

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Usatarisa panoperera ndima…

akamanikidzwa mumweya, (Johani 13:21) Also 14:27

1 “Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa;
tendai kuna Mwari,
mutendewo kwandiri.

Anotenda kwandiri, haatendi kwandiri, asi kune akandituma. (Johani 12:44)

2 Mumba mababa vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara;
dai kusaiva kudaro, ndingadai ndaikuudzai; nokuti ndinoenda kundokugadzirirai pokugara.
3 “Kana ndaenda kundokugadzirirai pokugara,
ndinozouyazve, ndikugamuchirei kwandiri;
kuti apo pandiri, nemi mugovapowo.
4 Napandinoendanapo, imi munoziva nzira.”

… Segwai

Kutsvetwa kumunhu

Shingirirai pakuyanana naKristu kudarika kuenda kudenga: 16 Nokuti Ishe amene achaburuka kudenga nokudanidzira, nezwi romutumwa mukuru, nehwamanda yaMwari; vakafa muna Kristu vachatanga kumuka; 17 zvino isu vapenyu, vakasara, tichatorwa pamwechete navo mumakore, kuti tichingamidze Ishe mudenga; naizvozvo tichava naIshe nguva dzose. (I VaTesaronika 4:16-17)

5 Tomasi akati kwaari, “Ishe, hatizivi pamunoenda;
nzira tingaiziva seiko?”

6 Jesu akati kwaari,
“Ndini nzira, nechokwadi, noupenyu;
hapana munhu unouya kuna baba, asi nokwandiri.
7 Dai makanga muchindiziva
mungadai maizivawo baba vangu;
kubva zvino munovaziva, makavaona.”

8 Firipi akati kwaari, “Ishe, tiratidzei baba zvigotiringana.”

4

9 Jesu akati kwaari,
“Ndakava nemi nguva refu yakadai,
ko hausati wandiziva here, Firipi?
Andiona ini, aona baba;
zvino unoreva seiko, uchiti, ‘Tiratidzei baba?’
10 Hautendi here kuti
ndiri muna baba
nababa vari mandiri?
Mashoko andinoreva kwamuri, handiarevi pachangu;
asi baba, vanogara mandiri, ndivo vanoita mabasa avo.
11 Nditendei kuti
ndiri munababa,
nababa vari mandiri;
kana kusi kudaro, nditendei nokuda kwamabasa amene.

Rutanhatu pa:7-11 Jesu anoti: Ini nababa tiri vamwe

:12-15 Bepa rinotevera…

5

16 Neni ndichakumbira baba,
vachakupai mumwe Munyaradzi,
kuti agare nemi nokusingaperi;
17 ndiye Mweya wechokwadi;
nyika haigoni kumugamuchira,
nokuti haimuoni, kana kumuziva;
imi munomuziva,
nokuti agere nemi, achava mukati menyu.

9 Asi imi hamuzi munyama, asi mumweya, kana Mweya waMwari achigara zvirokwazvo mukati mwenyu. Asi kana munhu asina Mweya waKristu, haazi wake.
10 Kana Kristu ari mukati menyu, muviri wakafa nokuda kwezvivi, asi mweya mupenyu nokuda kwokururama.
(vaRom 8:9-10)

Mabasa makuru panaJesu? (Johani 14:11-17)

noanotenda kwandiri haangatongovi nenyota (John 6:35).
anotenda kwandiri...nzizi dzemvura mhenyu dzichayerera dzichibva mukati make (John 7:38).
anotenda kwandiri, kunyange akafa, achararama (John 11:25).
anotenda kwandiri arege kugara murima (John 12:46).

Mabasa makuru pane aJesu?

11Nditendei kuti
ndiri munababa,
nababa vari mandiri;
kana kusi kudaro, nditendei nokuda kwamabasa amene.
12Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
Anotenda kwandiri,
mabasa andinoita,
iye achaaitawo, achaita makuru kunaawa;
nokuti ndinoenda kuna baba.

"Ndakakuudzai, mukasatenda. Mabasa andinoita nezita rababa, ndiwo anondipupurireni. (Johani 10:25)

Kwete vese vane zvipo zvezvishamiso... Tendai kwandiri nemabasa angu- mabasa angu akutungamirirei pakutenda (ndima11), nokuti ani naani anotenda kwandiri (ndima12) achaita mabasa anotungamirira vanhu kutenda kwandiri

Haasi Jesu chete akakanganwira vanhu nenzira yemuchinjikwa *21Jesu akatizve kwavari, "Rugare kwamuri! Baba sezvavakandituma, neni ndinokutumaiwo." 22Zvino akati areva izvozvo, akafemera kwavari, akati kwavari, "Gamuchirai Mweya Mutsvene. 23Avo, vanoregerera zvivi zvavo, varegererwa; avo, vamunobata zvivi zvavo, zvabatwa." (Johani 20:21-23)*

Chero chimwe (mabasa) chinorumbidzisa

*13Chinhu chipi nechipi chamunokumbira **muzita rangu,***
ndichachiita,
*kuti baba **vakudzwe** muMwanakomana.*
*14Kana muchikumbira chinhu kwandiri **muzita rangu,***
ndichachiita.
15"Kana muchindida,
muchachengeta mirayiro yangu.

*4**Ndakakukudzai** panyika, ndapedza basa ramakandipa kuti ndiriite. (John 17:4)*

*16Naizvozvo chiedza chenyu ngachivhenekere pamberi pavanhu, kuti vaone mabasa enyu akanaka, **vakudze** baba venyu vari kudenga. (Mat 5:16)*

Kubetsera pamabasa makuru

16Neni ndichakumbira baba,
vachakupai mumwe Munyaradzi,
kuti agare nemi nokusingaperi;
17ndiye Mweya wechokwadi;
nyika haigoni kumugamuchira,
nokuti haimuoni, kana kumuziva;
imi munomuziva,
nokuti agere nemi, achava mukati menyu.

16-17hurukuro yebhuku yakapfuura asi tiripo kubatsira kuita mabasa makuru

Kana uchindida, uchaita uye uchava nazvo (Johani 14:15-31) [Nguva dzinorwadza Jesu asati afa!]

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Kana uchindida...

15“Kana muchindida,
muchachengeta mirayiro yangu.
16-17 previous page. Spirit = Helper
18“Handingakusiyi muri nherera;
ndinouya kwamuri.
19“Kuchine nguva duku, nyika haichazondioni;
asi imi munondiona,
nokuti ini ndiri mupenyu,
nemiwo muchava vapenyu.
20Nezuva iro muchandiziva, kuti ndiri muna baba,
nemi mandiri, neni mamuri.
21“Ane mirayiro yangu, akaichengeta,
ndiye anondida;
anondida
achadikanwa nababa vangu;
neni ndichamudawo,
ndichazviratidza kwaari.”

8Asi Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu akatifira, tichiri vatadzi. (vaRoma 5:8)

19Isu tinoda, nokuti iye akatanga kutida. (I Johani 4:19)

Rudo muna John = chido, kufadzwa

Mirairo, mashoko angu: gamuchira, tenda, chengetedza (kakawanda) dananai

22Judas (not Iscariot) said to him,
"Lord, how is it that you will manifest yourself to us,
and not to the world?"

Tichauya kwamuri

23Jesu akapindura, akati kwaari,
“Kana munhu achindida,
achachengeta shoko rangu;
nababa vangu vachamuda,
tichauya kwaari,
tikaita ugaro **hwedu** maari.
24Asingandidi,
haachengeti mashoko angu;
shoko ramunonzwa,
harisi rangu, asi nderababa vakandituma.

Baba vangu, Mweya mutsvene uye ndichava nemi nokusingaperi. Hatikusiyei chero kwese kwamunoenda

Kwete rugare rwepasi rino!
33Ndakareva izvozvi kwamuri, kuti muve norugare mandiri. Panyika munotambudzika; asi tsungai mwoyo, ini ndakakunda nyika.”
(Johani 16:33)

Naizvozvo muchava nerugare, mufaro nekutenda

25“Zvinhu izvozvi ndakakuudzai ndichigere nemi.
26Asi Munyaradzi, Mweya Mutsvene,
achatumwa nababa muzita rangu,
iye achakudzidzisai zvose,
nokukuyeuchidzai zvose, zvandakareva kwamuri.
27“Ndinokusiyirai rugare;
ndinokupai rugare rwangu;
handikupiyi
sokupa kwenyika.
Mwoyo yenyu irege kumanikidzwa, irege kutya.
28Makanzwa kuti ndakati kwamuri, ‘Ndinoenda, ndigodzokerazve kwamuri.’
Dai maindida,
mungadai maifara,
nokuti ndinoenda kuna baba;
nokuti baba vakuru kwandiri.
29Zvino ndakuudzai zvisati zvaitika,
kuti musi wazvinoitika
mugotenda.
30Handichazotauri zvizhinji nemi,
nokuti muchinda wenyika anouya;
asi haana chinhu kwandiri;
31asi izvi zvinoitika kuti nyika izive kuti ndinoda baba,
uye kuti sezvandakarairwa nababa, ndizvo zvandinoita.
Simukai, ngatibve pano.

7Zvino rugare rwaMwari runopfuura kunzwisisa kwose, rucharinda mwoyo yenyu nemifungo yenyu muna Kristu Jesu. (VaFiripi 4:7)

Kwete mufaro wenyika ino!

Kutenda kwete nemashoko, kana zviratidzo asi nokufembera

Chekutenda kwachiri: *Baba vangu ndivo vanotonga (Acts 4:27–28). Nomurairo wavo ndinotongawo (Joh 3:35; 13:3). Hakuna anobvisa upenyu hwangu kwandiri (Johani 10:18).*

Kurumbidza nokunzwa zvibereko zvokubatana muna Kristu (Johani 15:1-11)



Mufaro: Kwete rudo rukuru! (Johani 15:11-17)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Mufaro wangu

11“Zvinhu izvozvi ndakazvitaura kwamuri,
kuti mufaro wangu ugare mamuri,
nomufaro wenyu uzadzike.

18Hakuna munhu anganditorera upenyu; asi ndinohurasha ndimene. (Johani 10:18)

Rudo rwangu

12Uyu ndiwo murayiro wangu,
kuti mudane,
seni ndakakudai imi.
13Hakuna munhu ano rudo rukuru kune urwu,
kuti munhu arasire hama dzake upenyu hwake.

8Asi Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti Kristu akatifira, tichiri vatadzi. (vaRoma 5:8)

iye akatsunga pamuchinjikwa nokuda kwomufaro akaiswa pamberi pake (vaHeb 12:2)

- 18Hakuna munhu anganditorera upenyu; asi ndinohurasha ndimene. Ndine simba rokuhurasha, uye ndine simba rokuhutorazve. (Johani 10:18).
- “Putsai temberi iyi, ini ndichaimutsazve namazuva matatu.” (Johani 2:19).
- Mwanakomana womunhu anofanira kutambudzika zvizhinji ... aurawe, amukezve mazuva matatu apfuura. (Maku 8:31). Anofanirwa uye achaita kudaro.
- Uye kuratidza kuti akamumutsa kuvakafa (Mabasa 13:34).
- asina kuitwa mupristi nomurayiro wokurayira kwenyama, asi nesimba rohupenyu husingapedzwi. (vaHebheru 7:16).
- Ndakapiwa simba rose kudenga napanyika (Mateu 28:18).
- nokuti iro ndilshe wamadzishe, namambo wamamdzimambo (Zvakazarurwa 17:14).
- ndiri mupenyu nokusingaperi-peri; ndine kiyi dzorufu neHadhesi (Zvakazarurwa 1:18).
- ndikagara pamwechete naBaba vangu pachigaro chavo choushe (Zvakazarurwa 3:21).
- Hamuzi venyu; nokuti makatengwa nomutengo (1 vaKorinde 6:20).
- Gwayana rakabayiwa rakafanira kuti rivigirwe ushe, nepfuma, nokuchenjera, nesimba, nokukudzwa, nokubwinya, nokurumbidzwa. (Zvakazarurwa 5:12).
- pamusoro poruware urwu ndichavaka kereke yangu, masuo eHadhesi haangaikundi. (Mateu 16:18).
- achiona Mwanakomana womunhu achiuya pamusoro pamakore okudenga nesimba nokubwinya kukuru...vasanangurwa vake kunobva mhepo ina, kubva kurutivi rumwe rwedenga kusvikira kuno rumwe rutivi. (Mateu 24:30-31).
- Pasi pose ngapazadzwe nokubwinya kwenyu. (Mapisarema 72:19).

- *Ishe wake akati kwaari... pinda mumufaro washe wako.’ (Matheu 25:23).*

Shamwari dzangu

14Imi muri hama dzangu,
kana muchiita zvandinokurayirai ini.
15Handichakuidzii varanda;
nokuti muranda haazivi zvinoitwa naishe wake;
asi ndinokuidzai hama;
nokuti zvose zvandakanzwa kuna baba vangu,
ndakakuzivisai izvo.

Naizvozvo kupfachukira pazvibereko...

16“Imi hamuna kundisanangura,
asi ini ndakakusanangurai imi,
ndikakuisai
kuti muende mubereke michero,
uye kuti michero yenyu igare;
kuti chinhu chipi nechipi chamunenge muchikumbira kuna baba muzita rangu,
vakupei icho.

...Zverudo

17“Ndizvozvi zvandinokurayirai,
kuti mudane.

Kana nyika ichikuvengai. Ivai zvapupu! (Johani 15:18-26)

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Makasarudzwa

18“Kana nyika ichikuvengai,
muzive kuti yakandivenga ini, isati yakuvengai imi.
19Kana maiva venyika,
nyika yaidana vayo;
zvino zvamusati muri venyika,
asi ini ndakakusananguraipanyika,
saka nyika inokuvengai.

Jehovha haana kukudai, kana kukutsaurira, nokuti makanga makapfuura dzimwe ndudzi nokuwanda; nokuti imi makanga muri vashoma kundudzi dzose (Dhuteronomi 7:7)

Baba vakatuma

20Rangarirai shoko randakareva kwamuri, ndichiti,
‘Muranda haasi mukuru kuna ishe wake.’
Kana vakanditambudza ini,
vachakutambudzai nemiwo;
kana vakachengeta shoko rangu,
vachachengeta nerenyuwo.
21Asi izvi zvose vachakuitirai nokuda kwezita rangu,
nokuti havazivi akandituma.
22Dai ndisina kuuya, ndikataura navo,
vangadai vasina zvivi;
asi zvino havana pembedzo yezvivi zvavo.
23Anondivenga,
anovenga nababa vanguo.
24“Dai ndisina kuita pakati pavo mabasa asina kumboitwa nomumwe munhu,
vangadai vasina zvivi;
asi zvino vakaona, nokundivenga ini nababa vangu.
25“Asi zvakaitwa, kuti shoko rakanyorwa mumurayiro wavo, riitike, rinoti,
‘Vakandivenga ndisina mhosva.’

Makaropafadzwa imi, kana vachikuzvidzai, vachikutambudzai, vachikupomerai zvakaipa zvose nenhema, nokuda kwangu. (Mateu 5:11)

Mwanakomana kuti aroverwe

26“Kana Munyaradzi auya,
wandichatuma kwamuri, achibva kuna baba,
iye Mweya wechokwadi,
anobuda kuna baba,
achandipupurira.
27Nemiwo pupurai,
nokuti maiva neni kubva pakutanga.

Nomweya kuti ndigova chapupu

anobva kudenga ndiye ari pamusoro pavose.32Zvaakaona nezvaakanzwa, ndizvo zvaanopupura; asi hakuna munhu anogamuchira kupupura kwake. 33Uyo akagamuchira kupupura kwake, akasimbisa kuti Mwari ndowechokwadi. 34Nokuti akatumwa naMwari, ndiye anotaura mashoko aMwari; nokuti haapi Mweya asina mwero. (Johani 3:32-34)

16Mweya amene anopupurirana nomweya wedu, kuti tiri vana vaMwari; 17zvino kana tiri vana, tiri vadyi venhaka; vadyi venhaka yaMwari, vadyi venhaka pamwechete naKristu; kana tichitambudzika pamwechete naye, **tigokudzwawo pamwechete naye.** (vaRoma 8:16-17)

17Asi chenjerai vanhu, nokuti vachakuisai kumatare amakurukota, nokukurovai zvikuru mumasinagoge avo. 18Muchaiswawo pamberi pavabati namadzimambo nokuda kwangu, muve zvapupu kwavari nokuvahedheni. 19Asi kana vachikuisai, musafunganya muchiti, muchataura sei, kana tichataurei, nokuti muchapiwa nenguva iyo zvamunofanira kutaura. 20“Nokuti hamusimi munotaura, asi Mweya waBaba venyu anotaura mukati menyu. (Mateu 10:17-20)

Ongororo yebhuku kutaridza kunamata nezvibereko…

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

Mugadziri wewaini anoparadza nekuranga

Ndini muzambiringa garai mandiri

Munamato wezvibereko kurumbidza Mwari uchadairwa

5Anogara mandiri,
neni maari,
ndiye anobereka michero yakawanda;
…
7Kana muchigara mandiri,
namashoko angu achigara mamuri,
kumbirai zvamunoda,
muchazviitirwa.
8Baba vangu ***vanokudzwa*** *naizvozvi,*
kuti *mubereke michero yakawanda;*
uye muchava vadzidzi vangu.

Chibereko chekutanga: dananai pakati penyu

Mufaro wangu uchava mamuri….

Kwete rudo rukuru…

Zvibereko zvakadaro zvinotungamira pakudairwa kweminamato

16"Imi hamuna kundisanangura,
asi ini ndakakusanangurai imi,
ndikakuisai
kuti *muende mubereke michero,*
uye kuti michero yenyu igare;
kuti *chinhu chipi nechipi chamunenge muchikumbira*
kuna baba muzita rangu,
vakupei icho.

Nyika ichakuvengai

Asi ndichakupai mubatsiri

Chibereko chepiri:Chapupu

Ivai zvapupu!

John Piper kumufundisi mutsva:kubuda pachena Glen. Kuti ugorangarira, kuti hakuna mubati weshoko anga bereka zvibereko zvomweya kana achipedza ma awa maviri pazuva achinyengetera nokutevedzera shoko kuwedzera kugadzirira mharidzo.. Tsvene ine simba inoshandura vanhu vaMwari vasina kugadzirirwa kutiza evhangeri

Munamato munaJohani

1 2 3 4 5 6 7 8 9 10

13Chinhu chipi nechipi chamunokumbira muzita rangu,
ndichachiita,
*kuti **baba vakudzwe muMwanakomana.***
14Kana muchikumbira chinhu kwandiri muzita rangu,
ndichachiita. (Johani 14:13-14)

7Kana muchigara mandiri,
namashoko angu achigara mamuri,
kumbirai zvamunoda,
muchazviitirwa.
8Baba vangu vanokudzwa naizvozvi,
***kuti** mubereke michero yakawanda; uye muchava vadzidzi vangu. (Johani 15-7-8)*

16"Imi hamuna kundisanangura,
asi ini ndakakusanangurai imi,
ndikakuisai
kuti muende mubereke michero,
uye kuti michero yenyu igare;
***kuti** chinhu chipi nechipi chamunenge muchikumbira kuna **baba** muzita rangu,*
vakupei icho. (Johani 15:16)

Zvirokwazvo, zvirokwazvo, ndinoti kwamuri,
*zvose zvamunenge muchakumbira **kuna baba,***
vachakupai izvo
muzita rangu.
24Kusvikira zvino hamuna kukumbira chinhu muzita rangu;
kumbirai,
muchapiwa,
mufaro wenyu uzadzike. (Johani 16:23-24)